

Lojman ki entèdi fimen Enfòmasyon pou lokatè yo

Kisa yon lojman ki entèdi fimen ye?

Yon kay oswa yon bilding kote moun ap viv ki pa otorize fimen kèlkeswa kote a anndan, sa gen ladann nan apatman yo tou.

☐ Lojman ki entèdi fimen yo gen ladann zòn bò pòt yo, antre yo, galri yo, balkon yo ak fenèt yo pou ka anpeche lafimen antre anndan.

☐ Yon "inite" ki entèdi fimen se pa menm bagay ak yon "lojman" ki entèdi fimen. Tout inite nan bilding lan dwe se kote ki entèdi fimen pou anpeche lafimen antre nan tout lòt inite yo.

Èske yon lojman ki entèdi fimen legal?

Wi, konplètman legal. Pa gen okenn "dwa pou fimen" nan bilding yo ki gen plizyè inite yo ki legal kote moun yo ap viv nan Boston, eta Massachusetts oswa nenpòt kote nan Etazini.

Li pa gen diskriminasyon kont moun ki fimen yo

Yon règ pou pa fimen pa vle di "pa dakò moun ki fimen". Moun ki fimen yo byenvini pou vin viv, vizite oswa travay nan bilding ki entèdi fimen yo, depi yo respekte règ yo pou yo pa fimen anndan oswa toupre bilding lan (yo). Sa pa diferan pou yon lokatè oswa yon vizitè ki gen pou respekte règ ki entèdi bèt oswa règ sou lè ki dwe gen trankilite nan bilding lan.

Ki pwodui fimen yon regleman sou entèdiksyon pou fimen gen ladann?

Nenpòt bagay ki boule lè ou rale li nan nen ou - tabak, ouka ak mariwana. Anpil pwopriyetè ajoute ladann tou sigarèt elektwonik, pip elektwonik ak lòt pwodui ki ka bay vapè.

E konsènan mariwana pou koz medikal yo? Pwopriyetè yo kapab entèdi fimen mariwana, sa gen ladann mariwana pou koz medikal, dapre regleman entèdiksyon pou fimen an, selon lwa Massachusetts yo (105 CMR 725.650). Mariwana pou koz medikal la pran l nan diferan fason ki pa fimen.

E konsènan sigarèt elektwonik yo? Rechèch yo sou efè sigarèt elektwonik yo sou sante aktyèlman an kou. Anpil pwopriyetè pa otorize itilizasyon sigarèt elektwonik nan bilding lan (yo). Pwopriyetè yo pa otorize sigarèt elektwonik pou nenpòt rezon medikal, depi yo pa rekonèt sigarèt elektwonik sa kòm yon aparèy medikal pou ede moun ki fimen kite sa.

Kijan lojman ki entèdi fimen kapab ede mwen e vwazen mwen yo?

Lojman ki entèdi fimen nan benefis tout moun pou gen yon lé epi kay ki pi an sekirite.

Sekirite

Fimen nan kay se yon bagay ki koz kay pran dife ki tiye moun nan Etazini. Fimen nan kay espesyalman gen danje paske li gendwa antre an kontak ak bagay ki ka pran dife, kabann, rido, rad ak lòt bagay epi koumanse dife a. Gen plis risk nan bilding yo ki gen anpil granmoun oswa moun andikape ki gendwa pa kapab chape nan ka gen dife. Prèske mwaye nan tout moun ki mouri de yon dife ke fimen lakoz nan kay yo se moun ki gen plis ke 65 lane. Epi moun ki itilize oksijèn lakay, ki ka pran dife fasil, gen anpil risk si gen moun kap fimen nan anviwon an paske oksijèn lan kapab eksploze, menm lè li fèmen, si gen yon dife oswa etensèl ki nan toupre a.

Kijan lojman ki entèdi fimen kapab ede mwen e vwazen mwen yo?

Lafimen segondè

Lafimen segondè se yon lafimen ki soti de yon lòt moun kap fimen. Lafimen segondè ki anndan yon bilding, li ale nan lòt chanm ak apatman yo epi afekte lòt lokatè yo. Lafimen deplase atravè sistèm vantilasyon yo, klimatizè ak sistèm chofaj yo, fant ak twou nan aparèy limyè ak plonbri yo, priz elektrik yo epi anba pòt yo. Sistèm vantilasyon oswa vantilatè yo oswa fenèt louvri pa kapab retire gaz toksik yo ak ti pòsyon ki soti nan lafiimen segondè. Sèl mwayen pou pa gen lafimen segondè nan zalantou a se ak regleman sou entèdiksyon pou fimen. Fimen deyò toupre fenèt, pòt, antre, galri ak balkon kapab pote lafimen anndan bilding lan. Se poutèt sa regleman sou lojman ki entèdi fimen an pa kite lokatè yo fimen toupre pòt, antre, galri, balkon ak fenèt yo.

Sante

Lafimen segondè se yon danje pou sante tout moun.

- Lafimen segondè a gen 250 gaz toksik ak ti pòsyon ladan, sa ki 70 ladan ki bay kansè.
- Chirijyen jeneral nan Etazini an di ke pa gen okenn ekspozisyon a lafimen segondè yo ki san danje.

Ekspoze a lafimen segondè yo toutan koze gwo risk sante, sa gen ladann:

- Opresyon
- Maladi Poumon Bouche ki kwonik (MPOC)
- Atak kè
- Konjesyon serebral

Pifò moun pase plis tan lakay yo ke nan travay oswa lekòl - apeprè 15 èdtan pa jou an mwayèn. Timoun, granmoun ak moun ki andikape yo - gwoup moun ki gen pwoblèm sante ki pi grav yo - gendwa depanse plis tan nan kay epi twouve yo nan anviwonman ki gen lafimen segondè pi plis toujou.

Lojman ki entèdi fimen pi an sekirite e pi bon pou sante tout moun kap viv e travay nan bilding la.

Pou plis enfòmasyon, sa gen ladann resous sou kite fimen yo, ale sou:

www.BostonSmokeFreeHomes.org